



Pou Piblikasyon Imedya: 02/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON KI PWOLONJE REYINYON PIBLIK VITYÈL YO

Lejislasyon (S.50001/A.40001) kite moun New York yo patisipe nan reyinyon gouvènman eta ak gouvènman lokal yo vityèlman pou redui risk simaye COVID-19; li ede moun ki gen andikap patisipe nan gouvènman yo

Bonè maten an, Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon (S.50001/A.40001) ki pwolonje aksè vityèl a reyinyon piblik yo dapre Lwa sou Reyinyon Piblik (Open Meetings Law) Eta New York la, ki pèmèt moun New York yo patisipe vityèlman nan reyinyon gouvènman lokal pandan pandemi COVID-19 la. Lejislasyon an, ki te aplike nan kòmansman pa Dekrè Egzekitif pandan Eta Dijans lane pase a, pèmèt pou reyinyon gouvènman eta ak gouvènman lokal ki nòmalman fèt an pèsonn yo fèt a distans pito, depi piblik la gen posibilite gade oswa koute reyinyon an epi depi reyinyon an anrejistre epi transkri pi ta. Chanjman lwa sa a pote pral redui nesessite pou rasanbleman nan reyinyon piblik pandan varyant Delta a ap simaye, epi an menm tan garanti afè piblik yo ka kontinye.

"An nou klè—pandemi COVID-19 la poko fini, e mwen tande ofisyèl gouvènman toupatou nan eta a k ap trakase poutèt elektè yo pa kapab vini nan reyinyon piblik yo vityèlman", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon bon sans sa a pwolonje yon privilèj ki non sèlman ede moun New York yo patisipe san danje nan pwosesis politik la, men li pèmèt plis moun New York patisipe nan gouvènman yo tou poutèt li bay plis opsyon pou gade reyinyon piblik yo. Lwa sa a kontinye ap ranfòse estil gouvènman ouvè ak transparan nou pran angajman kenbe nan Empire State la."

Reyinyon yo kapab fèt oswa pa sèvis videyo tankou Zoom oswa pa telefòn. Pa gen chanjman nan egzijans pou Kò Piblik yo avèti elektè yo gen yon reyinyon k ap fèt, e yo oblije fè elektè yo konnen kijan pou yo ale nan reyinyon piblik la vityèlman.

Nan dat 12 mas 2020, Dekrè Egzekitif (Executive order) 202.1 te sispann pòsyon nan lwa Eta New York la ki egzije pou reyinyon yo fèt an pèsonn, e li te otorize pou reyinyon piblik yo fèt vityèlman. Nan dat 25 jen 2021, Eta Dijans poutèt Katastwòf nan Eta a (State Disaster Emergency) te fini, epi konsa te wete kondisyon ki te sispann lwa a.

Senatè Jeremy Cooney te deklare, "Kounye a, plis toujou, transparans ak aksesibilite esansyèl pou gouvènè nan New York. Lwa sa a pral pèmèt pou reyinyon piblik yo fèt a distans men pou yo toujou disponib pou tout moun ki ta renmen gade, sa ki esansyèl

pou kominote yo rete angaje nan gouvènman yo pandan kriz sante piblik sa a. Mezi sa yo nesèsè pou moun New York yo kapab kontinye jwenn ak ofisyèl eli yo epi an menm tan rete an sekirite pandan n ap kontinye refè anba pandemi an."

Manm Asanble Karen McMahon te deklare, "Menm si eta dijans la leve, li klè pandemi an pa fini e yon sèten fleksibilite toujou nesèsè pou gouvènman an kapab fonksyone san danje. Lejislasyon sa a pèmèt minisipalite yo ak lòt sibdivizyon politik yo fè reyinyon yo a distans pou gouvènman an ka kontinye fonksyone san riske sante ak sekirite patisipan yo nan reyinyon an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li okipe pwoblèm enpòtan sa a nan sesyon ekstrawòdinè nou an."

Prezidan Asosyasyon Konte Eta New York yo (New York Association of Counties, NYSAC), Jack Marren te deklare, "Konte yo bat bravo pou Gouvènè Hochul, Lidè Majorite a Stewart-Cousins ak Prezidan Heastie dèske yo pran mezi ekstrawòdinè reyini yon sesyon espesyal pou pwomilge lejislasyon k ap akòde konsèy konte yo ak lòt kò piblik yo otorite fè reyinyon a distans, nan ka sa malarezman vin nesèsè. Kòm Gouvènè a te di li dènyèman, ofisyèl eli lokal yo toupatou nan eta a mande otorite pwovizwa sa a etandone ensètityid yo avèk varyant Delta COVID-19 la e n apresye dèske Gouvènè a koute sa k ap trakase gouvènman lokal yo. Nou sèvi moun New York yo pi byen lè tout branch gouvènman an ap travay ansanm yon fason konstrikatif e sesyon espesyal sa a se te yon egzantp gouvènman lokal k ap travay nan tèt ansanm avèk Gouvènè a, Lidè Majorite a, Prezidan an ak tout lejislatè eta a pou garanti gouvènman an kontinye ap fonksyone san danje ak efikasman pandan n ap lite kont COVID-19."

Peter A. Baynes, ki se Direktè Egzekitif Konferans Majistra Eta New York (New York State Conference of Mayors, NYCOM), te deklare, "Pandan premye kenz mwa pandemi an, Dekrè Egzekitif 202.1 te pèmèt kò piblik yo fè reyinyon a distans. Eksperyans sa a te efikas ak popilè nan pèspektiv ni sante piblik ni administrasyon gouvènman. Dapre sa tout moun di, prezans piblik la nan reyinyon gouvènman lokal yo te ogmante alòske risk pou sante yo te minimize. Poutèt sa, lè nou bay gouvènman lokal yo otorite yon fwa ankò pou yo fè reyinyon a distans sa pral pèmèt afè gouvènman yo kontinye epi an menm tan kenbe elektè yo an sante ak an sekirite. Sa enpòtan sitou avèk varyant Delta ki vin parèt la ak ogmantasyon resan nan ka COVID yo nan tout eta a. Yon bagay enpòtan, pwøjè lwa Gouvènè a pa fè chanjman nan lwa sou dwa a patisipasyon piblik la, sa ki pèmèt kò dirijan lokal la etabli pwòp politik pa li."

Ko-Prezidan Konsòsyòm Konsèy Edikasyon an (Education Council Consortium) Shino Tanikawa te deklare, "Fè reyinyon ibrid te difisil anpil pou Konsèy Edikasyon Minisipal ak Kominotè yo epi patisipasyon manm piblik la te tonbe depi egzansyon OML la te ekspire nan finisman mwa jen an. Pou fè pwoblèm nan pi mal toujou, to enfeksyon yo grenpe depase 4% nan NYC, sa ki fè anpil paran pè reyinyon an pèsonn. Mwen rekonesan anpil pou inisyativ Gouvènè Hochul la ki pèmèt kò piblik yo retounen nan reyinyon vityèl. N ap kapab amelyore patisipasyon ak ranpli responsabilite nou yo pi byen ak san konpwomèt sante nou."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Empire Justice Center a Kristin Brown te deklare, "Piblik la gen dwa ale nan reyinyon kò piblik, koute deba epi gade pwosesis desizyon an, epi pandemi oswa nenpòt ki lòt ijans pa ta dwe pretèks pou fèmen pwosesis demokratik nou an. Kòm founisè sèvis jiridik nan tout eta a pou moun New York ki gen revni ba yo, nou kwè transparans ak aksesibilite trè enpòtan pou moun ki gen dwa gen difikilte jwenn konje nan travay yo, posibilite oswa resous pou deplase pou bay ofisyèl gouvènman yo pwendvi yo yon jan k ap itil. Nou remèsye Gouvènè Hochul dèske li pran mezi imedya pou garanti transparans nan gouvènman nou an."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Vil (Association of Towns) yo, Gerry Geist, te deklare, "Amezi varyant Delta COVID-19 la ap simaye epi to enfeksyon yo ap ogmante, minisipalite yo toupatou nan New York eksprime plis bezwen pou yon renouvèlman otorite pou yo fè reyinyon piblik yo a distans. Lè li bay kò piblik yo otorite sa a jiska 15 janvye 2022, pwojè lwa Gouvènè Hochul la k ap amande Lwa sou Reyinyon Piblik yo reponn apèl sa a pafètman epi an menm tan garanti pi bon patisipasyon ak angajman posib nan men sitwayen yo. Asosyasyon Minisipalite a dakò anpil ak lejislasyon sa a e li remèsye Gouvènè Hochul ak Kò Lejislatif la dèske yo koute gouvènman lokal yo epi travay avèk yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)